

# Dwa Travayè Livrezon Manje NYC



Si w fè livrezon restoran pou yon aplikasyon (app), ou gen dwa kèlkeswa estati imigrasyon w.



## Dwa w



**Sak livrezon manje ak izolasyon gratis apre 6 livrezon**  
Aplikasyon yo dwe ba w yon sak. Ou ka deside si pou sèvi avè l.



### Plis kontwòl sou livrezon w yo

- Ou ka limite jis ki kote w ap rive epi chwazi sou ki pon oswa nan ki tinèl w ap pase.
- Aplikasyon yo paka ofri w al fè livrezon andeyò limit ou te fikse yo, e ou gen dwa pou chanje limit ou yo.



### Avi alavans sou detay livrezon an

Aplikasyon yo dwe di w nan ki adrès ou pral pran kòmand lan, tan ki estime a ak distans lan, poubwa a, epi konbyen y ap peye w anvan ou aksepte al fè livrezon an.



**Pi bon aksè nan twalèt restoran yo lè w ap pran kòmand yo**  
*Gen eksepsyon. Kontak DCWP.*



### Plis enfòmasyon sou konbyen kòb y ap peye w

Aplikasyon ki pran kòmand kliyan yo dirèkteman dwe di w konbyen kòb poubwa kliyan an bay pou chak livrezon epi konbyen kòb ototal ou te touche ak poubwa ou te jwenn lavèy.  
*Gen eksepsyon. Kontak DCWP.*



### Peman omwen yon fwa pa semèn

Aplikasyon yo pa ka chaje w yon frè pou yo peye w.



### Pi piti kòb pou yo peye (Aplikab 1/1/2023)

Vil New York la ap fikse ki pi piti kòb pou yo peye a epi li ka chanje li detanzantan.



## Pa gen abi

Li ilegal pou pini oswa dezaktive travayè yo paske y ap reklame dwa yo. Travayè yo dwe kontakte DCWP touswit konsènan abi.

## Pote yon Plent

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (DCWP) aplike lalwa. Pou plis enfòmasyon oswa pou pote yon plent:

- Vizite [nyc.gov/DeliveryApps](https://nyc.gov/DeliveryApps)
- Imèl [OLPS@dcwp.nyc.gov](mailto:OLPS@dcwp.nyc.gov)
- Rele **311** (212-NEW-YORK) epi mande pou "Travayè Livrezon"

DCWP pa p pataje idantite w san w pa dakò anvan.

Ou ka depoze yon plent nan tribinal tou. Men, ou pa ka gen yon plent nan DCWP epi al nan tribinal anmenmtan.

**NYC**

Eric L. Adams  
Mayor

**Consumer and  
Worker Protection**

Vilda Vera Mayuga  
Commissioner